

Problem Kajiwane Paraga Utama Ironing Novel Sawise Langite Katon Biru
Anggitane Yunani: Tintingan Psikologi Individual Allfred Adler
Miftakhul Rohmah

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya,
aku adek03@yahoo.com

Abstrak

Novel *Sawise Langite Katon Biru* anggitane Yunani nyritakake paraga utama kang ngalami cacad fisik arupa wuta, amarga cacade paraga kasebut duweni problem kajiwan rumamangsa asor lan nengeneke kapentingan pribadhi. Novel kasebut ditintangi migunakake teori Alfred Adler, amarga teorine Adler ngrembug ngenani individu lan weneh kawigaten luwih marang pawongan sing ringkih utawa cacad fisik.

Tujuwane panliten iki yaiku: 1) Ngandharake problem kajiwan kang tuwuh sajrone paraga utama, 2) Ngandharake sing jalari tuwuhe problem kajiwan sing dialami dening paraga utama, 3) Ngandharake wujud cara ngadhepi problem kajiwan paraga utama.

Manfaat panliten iki yaiku: 1) Tumrap Ssastra Jawa Modern Panliten iki bisa awèh sumbangan kanggo pangrembakane sastra Jawa modern. Nguwatake anane sastra Jawa lan uga nambah panliten ngenani sastra Jawa modern utamane awujud novel. Panliten iki uga wujud praduline tumrap kasusastran Jawa, 2) Tumrap Pamaos Kanggo pamaos mligine pamaos sastra, asile panliten iki bisa nambah wawasan sajrone mahami karya sastra ngenani novel kanthi tintingan psikologi sastra, mligine ngenani problem batin kang dialami paraga, 3) Panliti Sastra Panliten iki bisa menehi rangsangan kanggo panliti sastra, mligine panliten kanthi teori psikologi sastra, 4) Tumrap Panggulawentah Sastra Tumrap Perguruan Tinggi Panliten sastra iki dikarepake bisa menehi pambiyantu para mahasiswa nalika sinau babagan analisis karya sastra mligine ngenani tintingan psikologi ing karya sastra.

Panliten kang migunakake tintingan psikologi sastra iki mujudake panliten *kualitatif deskriptif*. Dhata kang dianalisis arupa tembung, ukara kang gegayutan karo underan panliten yaiku ngenani problem kajiwane paraga utama, sing jalari tuwuhe problem kajiwane paraga utama lan wujud cara ngadhepi problem kajiwane paraga utama kang dijupuk saka sumber dhata. Dhata kasebut dikumpulake kanthi migunakake teknik waca, pilih, lan cathet. Analisis dhata kang digunakake yaiku analisis isi utawa konten tumrap paraga sing ngalami problem.

Asil panliten nuduhake: Adhedhasar problem kajiwan kang tuwuh sajrone Novel *Sawise Langite Katon Biru* sing dialami dening paraga utama ana loro. Problem kapisan yaiku rumangsa asor, amarga tansah ngrembakakake sifat inferiorita. Paraga Retno duweni sifat sing khas, yaiku seneng dhewe. Sifat seneng dhewe kasebut tuwuh amarga duweni rasa rumangsa asor. Dheweke duweni panemu yen wong liya luwih apik tinimbang dheweke. Problem kaloro yaiku nengeneke kapentingan pribadhi, amarga dheweke tansah nglakoni tumindak sing bisa gawe awake dhewe seneng senajan tumindak kuwi bisa nglarani atine liyan. Tumindak sing dilakoni kasebut kalebu *diri kreatif*, amarga dheweke bisa nggayuh apa sing dibutuhake lan dikarepake. Sing jalari tuwuhe problem kajiwan sing dialami dening Paraga utama uga ana loro. Kapisan yaiku cacat fisik, wuta, amarga cacade kasebut Retno rumangsa asor lan uga ngrembakakake sifat inferiorita nganggep wong liya luwih apik tinimbang dheweke. Kaloro yaiku kurang pasrawungan, amarga Retno milih *gaya hidup* nutup uripe kanggo wong liya. *Gaya hidup* sing dipilih iku bisa nuwuhake problem. Cara ngadhepi problem kajiwan sing dilakoni dening Retno ana loro. Kapisan yaiku ngadoh saka wong liya, pikiran, rasa pangrasa, lan tindak-tanduk sing dilakoni Retno kasebut kalebu kapribadhen sing nyawiji, amarga dheweke ngrasa isin lan salah marang kulawargane. Kaloro yaiku Sumarah marang Gusti. Nalika dheweke ora duwe panggon kanggo nentremake uripe maneh, mung Gusti sing dadi tujuwane. Retno duweni *minat sosial* sing sadurunge ora tau dilakoni, amarga sumarah marang gusti iku kalebu sumarah marang pendhereke gusti. *Diri kreatif* sing diduweni dening Retno didadekake cekelan kanggo nggayuh kabagyané dheweke.

Tembung penting: problem kajiwan, psikologi Alfred Adler, novel

Abstrak

Novel *Sawise Langite Katon Biru* dikaji menggunakan teori psikoanalisis kepribadian Alfred Adler, sebab tokoh utama pada novel ini mengalami cacat fisik. Motivasi yang dimiliki oleh tokoh yakni segala sesuatu yang bisa menentukan baik masa depannya, kejiwaan serta perilaku manusia.

Tujuan penelitian ini yaitu: 1) Menjelaskan problem kejiwaan yang muncul pada novel *Sawise Langite Katon Biru* karya Yunani, 2) Menjelaskan penyebab munculnya problem kejiwaan yang dialami oleh tokoh utama pada novel *Sawise Langite Katon Biru* karya Yunani, 3) Menjelaskan wujud cara menghadapi problem kejiwaan pada novel *Sawise Langite Katon Biru* karya Yunani.

Manfaat penelitian ini yaitu: 1) Untuk sastra Jawa Modern penelitian ini bisa memberikan sumbangan untuk perkembangan sastra Jawa modern. Memperkuat adanya sastra Jawa dan juga menambah penelitian mengenai sastra Jawa modern terutama yang berwujud novel. Penelitian ini juga sebagai wujud kepedulian terhadap kesusatraan Jawa, 2) untuk pembaca khususnya pembaca sastra, hasil penelitian ini bisa menambah wawasan dalam mahami karya sastra mengenai novel dengan teori psikologi sastra, khususnya mengenai problem batin yang dialami tokoh, 3) untuk peneliti Sastra, penelitian ini bisa memberikan rangsangan kepada peneliti sastra, khususnya penelitian dengan teori psikologi sastra, 4) untuk Perguruan Tinggi, penelitian sastra ini dimaksudkan bisa memberi bantuan kepada mahasiswa ketika mempelajari mengenai analisis karya sastra khususnya mengenai teori psikologi pada karya sastra.

Penelitian yang menggunakan teori psikologi sastra ini merupakan penelitian *kualitatif deskriptif*. Data yang dianalisis berupa kata serta kalimat yang berhubungan dengan rumusan masalah yaitu mengenai problem kejiwaan tokoh utama, penyebab munculnya problem kejiwaan tokoh utama dan wujud cara menghadapi problem kejiwaan tokoh utama yang diambil dari sumber data. Data tersebut kemudian dikumpulkan dengan menggunakan teknik baca, pilih, dan catat. Analisis data yang digunakan yaitu analisis isi atau konten terhadap tokoh yang mengalami problem.

Hasil penelitian menunjukkan: berdasarkan problem kejiwaan yang muncul pada novel *Sawise Langite Katon Biru* yang dialami oleh tokoh utama, Retno ada dua. Problem yang pertama yaitu merasa rendah, karena Retno selalu mengembangkan sifat inferiorita. Tokoh Retno mempunyai sifat khas, yaitu individualitas. Sifat individualitas tersebut muncul karena tokoh utama selalu mempunyai rasa rendah diri. Ia mempunyai pendapat bahwa orang lain lebih baik daripada dirinya. Problem kedua yaitu mementingkan kepentingan pribadi, karena Retno selalu melakukan tindakan yang bertujuan membuat dirinya senang meskipun tindakan tersebut bisa menyakiti orang lain. Tindakan yang dilakukan oleh Retno termasuk *diri kreatif*, karena dengan cara seperti itu dirinya bisa meraih apa yang dibutuhkan dan diinginkan. Penyebab munculnya problem kejiwaan yang dialami oleh tokoh Retno juga ada dua. Penyebab munculnya problem yang pertama yaitu cacat fisik berupa buta, karena dari cacatnya tersebut Retno selalu merasa rendah dan juga mengembangkan sifat inferiorita dengan menganggap orang lain lebih baik daripada dirinya. Penyebab munculnya problem yang kedua yaitu kurang pergaulan, karena Retno selalu memilih *gaya hidup* menutup kehidupannya untuk orang lain. *Gaya hidup* yang dipilih Retno itu bisa menumbuhkan problem. Kepribadian Adler dari segi *berupaya menjadi sukses*, tokoh Retno selalu memiliki rasa khawatir karena dirinya tidak sempurna. Oleh sebab itu tokoh utama ini selalu mengembangkan inferiorita yang menyebabkan dirinya tidak bisa maju ketika mengalami cacat. Dari segi *finalisme semu*, ada beberapa harapan yang tidak mungkin terwujud, akan tetapi Retno masih memiliki harapan bahwa dirinya bisa merasakan kebahagiaan yang belum pernah dirasakan itu dengan sempurna. Kebahagiaan tokoh utama yang tidak mungkin bisa terwujud yaitu bisa bersama dengan seseorang yang menjadi suami kakaknya.

Cara menghadapi problem kejiwaan yang dilakukan oleh Retno ada dua. Pertama yaitu menjauh dari orang lain. Fikiran, perasaan, dan perilaku yang dilakukan Retno tersebut termasuk kepribadian yang menyatu, karena dirinya merasa malu dan bersalah kepada keluarganya. Cara menghadapi problem yang kedua yaitu berserah kepada Tuhan. Ketika Retno tidak memiliki tempat untuk menentramkan kehidupannya lagi, hanya Tuhan yang menjadi tujuannya. Ketika dirinya berserah kepada Tuhan, Retno memiliki *minat sosial* yang sebelumnya tidak pernah dilakukan, karena berserah kepada Tuhan termasuk berserah kepada pengikut Tuhan. *Diri kreatif* yang dimiliki oleh Retno dijadikan pegangan untuk meraih kebahagiaan dirinya.

Kata kunci: problem kejiwaan, psikologi alfred adler, novel.

PURWAKA

Minangka karya imajiner, crita fiksi asring nyuguhake maneka warna prakara kang diadhepi manungsa ing uripe. Karya crita fiksi miturut Nurgiyantoro (2007:2) mujudake karya kang nyritakake samubarang kang asipat rekaan, khayal,

samubarang kang ora ana lan dudu nyata saengga karya mau ora perlu digoleki bener orane sajroning kasunyatan. Senajan sajrone crita, pangripta iku ngripta paraga kang urip sajrone lingkungan khayalan nanging ana gayutane antarane paraga-paraga, lan sipate paraga kang bisa dimangerteni dening pamaos lan bisa ditrima adhedhasar karya sastra.

Crita fiksi ana sing jenenge paraga lan pamaragan. Paraga iku duwe kajiwan utawa mental sing bisa dadakake tuwuhe crita. Kajiwan sing diduweni dening paraga sajrone karya sastra ana sing ngalami masalah lan ana sing ora. Miturut Heerdjan (sajrone Hidayat, 2013:28) kajiwan ana maneka warna, kayata kajiwan emosional lan kajiwan sing kepriye anggone ngadhepi kasusahan sajrone urip. Paraga iku ora bisa dipisahake karo panguripan sosial. Panguripan sosial iku sing bisa nentokake gambaran kajiwan paraga. Gayutan antarane kajiwan lan fisik bisa ditemokake masalah ngenani rasa pangrasa. Rasa seneng, gela, isin, wedi, lan sapanunggalane iku kalebu masalah sing diakibatake saka problem batin utawa problem kajiwan (Hidayat lan Herdi, 2013:29).

Pangripta duweni kalodhangan kang amba kanggo ngrakit critane. Pangripta bebas ngripta paraga kang bisa nglakokake critane sing laras karo karepe. Kalungguhane para paraga sajroning karya sastra iku wigati banget. Perangan kasebut wigati amarga mokal menawa karya sastra iku tanpa anane para paraga kang mbentuk aluring crita. Miturut Nurgiyantoro (2007:167) paraga carita duwe posisi strategis minangka panggawa lan sing menehake pesen, amanat, moral utawa sawijining bab sing kanthi sengaja bakal diandharake marang pamaca. Andharan sing wis diadharake ngenani paraga, nuduhake yen pangripta anggone ngripta paraga ora angger, nanging diolah luwih dhisik. Pangripta bakal ngripta karya kang dadakake pamaca melu ngrasakake apa kang dumadi sajroning critane.

Paraga utama ing panliten iki yaiku paraga sing isih remaja. Miturut Piaget (sajrone Hurlock, 2009:206) kanthi psikologis masa remaja yaiku umur sawijining pawongan sing duwe gayutan karo masyarakat dewasa, umur nalika bocah wis ora ngrasa sangisore pawongan sing luwih tuwa nanging ana ing tingkatan sing padha (masalah hak). Umur dewasa ana gayutane karo wektu puber, amarga paraga utama kasebut isih remaja lan duwe cacat fisik arupa wuta, mula panliten ing kene migunakake teori psikologi individu sing diandharake dening Alfred Adler. Psikologi kasebut ngrembug ngenani cacat fisik lan cara supaya bisa duwe kemajuan utawa kasuksesan kaya pawongan sing normal.

Problem kajiwan utawa problem batin sing dialami dening paraga sajrone karya sastra bisa dianalisis migunakake psikologi sastra. Miturut Endraswara (2011:97) sastra lan psikologi iku padha-padha ngrembug ngenani kajiwan manungsa. Problem kajiwan utawa problem batin mujudake problem kang dumadi sajroning ati, jiwane paraga (Nurgiyantoro, 2007:124). Psikologi ngrembug kahanan jiwane manungsa kanthi masalah kang nyata. Dene psikologi ing sastra

nyinaoni kahanan jiwane paraga kang asipat imajinatif. Ancas psikologi sastra yaiku mangerteni aspek-aspek kajiwan sing kinandhut sajrone karya sastra (Ratna, 2013:342). Andharan sing wis diandharake cetha anane sesambungan antarane psikologi lan sastra. Pangripta ora bisa uwal saka kahanan psikologi sajroning ngripta paraga critane. Mula saka iku, banjur ana disiplin ilmu psikologi sastra. Panliten ing kene bakal ngandharake ngenani ilmu psikologi sing digunakake sajrone karya sastra, dudu ilmu psikologi murni.

Panliten psikologi sastra ngonceki paraga lan wewatakane sajroning karya fiksi kanthi perspektif ilmu psikologi kang uga digandhengake karo aspek sastra. Mula panliten iki luwih nengenake marang karya sastra sing ditititngi migunakake ilmu psikologi sastra dudu nengenake ngenani psikologi murni. Kaya kang wis diandharake ing dhuwur, paraga lan wewatakane mau banjur nuwuhake aluring crita. Problem kajiwan kang dadi peranganing alur kang bakal diwedhar kanthi njlimet ing panliten iki.

Objek panliten ing kene yaiku novel kanthi irah-irahan *Sawise Langite Katon Biru* anggitane Yunani S.W. Novel sing dicithak ing sasi Februari 2013 iki sadurunge dibukukake, arupa crita sambung sing tau kapacak ing kalawarti Jaya Baya Surabaya ing taun 1978. Yunani S.W. mujudake pangripta sastra Jawa modern kang produktif. Dheweke mujudake pangripta dekade 70an. Anggone ngripta karya sastra kawiwitan nalika dheweke wis lulus saka kuliyah ing Fakultas Hukum. Tumekane saiki, dheweke isih tetep ngripta karya sastra sinambi makarya dadi salah sawijining pembantu khusus lan wartawan Mingguan Jaya Baya ing Surabaya. Saliyane novel (cerbung), dheweke uga ngripta cerkak, novellet, novel basa Indonesia lan geguritan. Karya-karyane sing wis terbit kayata *Menggapai Cinta yang Tertinggal*, *Dokter Wulandari*, *Katresnan Lingsir Sore*, *Kalung Barleyan*, *Cinde Laras*, *Perjalanan ke Timur*, *Rumpile Ati Wanita*, *Angin saka Paran*, lan liya-liyane. Ana saperangan karyane sing wis diteliti dening mahasiswa sastra Jawa saka UGM, UNS, UNSA, UNESA, UNDIP, lsp. Dene karyane sing didadèkaké disertasi dening mahasiswa Universitas Monash, Australia, Ratih Hardjono (eks sekpri Gus Dur dhek dadi presiden RI), kanthi judhul *The Forgotten Feeling Sentimentally in The Works of Javanese Writer Yunani*, tahun 1993. Bab kasebut mujudake bukti yen reriptane Yunani kasebut dadi wakil saka karya sastra kang karipta ing jaman Jawa modern kang pantes diteliti.

Novel *Sawise Langite Katon Biru* nyritakake panguripan sawenehe manungsa lan sakabehing perkara sajroning uripe. Panguripan sajrone bale wisma kang nemoni perkara abot. Perkara kang tuwuh ing novel kasebut dialami

dening Retno, adhine Endah sing banget ditresnani nanging malah sikape nggawe Endah lara ati. Retno sasuwene wolulas tahun ngalami wuta amarga kacilakan. Endah kepingin rabi karo dhokter sing bisa marekake cacade adhine. Endah kasil duwe bojo dhokter mata sing jenenge Hendratmoko. Nalika kapisan kepethuk Retno, Hendratmoko wis duwe rasa seneng senajan Retno isih cacad. Nalika cacade Retno wis mari, Hendratmoko lan Retno tansah raket hubungan katresnane. Sawijining dina Endah mangerteni sesambungan antarane adhine lan bojone. Endah duwe rasa kuciwa banget lan ora gelem ngakoni yen Retno iku adhine. Pungkasane Retno milih dadi biarawati ninggalake kulawarga lan ora bakal ngrasakake katresnan saka priya maneh kanggo ngabekti marang Gustine.

Saka andharan ngenani problem kajiwan sing diduweni dening paraga sajrone novel *Sawise Langite Katon Biru* anggitane Yunani, panliten iki migunakake modhel tintingan psikologi individual Alfred Adler. Teori Alfred Adler ngrembug ngenani pawongan kang duwe cacad fisik kaya kang dialami dening paraga sajrone novel kang bakal diteliti. Tintingan kasebut ngrembug ngenani wolung reroncen yaiku *superiorita, pengamatan subyektif, unity kapribaden, minat sosial, gaya hidup, kakuwatan kreatif self, pangrembaka abnormal lan nengenake tumrap pengamanan*. Wolung reroncen mau yen ora bisa makarya kanthi laras bakal nuwuhake problem kapribaden utawa problem psikologis. Bab kasebut tuwuh amarga anggane manungsa nyukupi kabutuhan saka id kang mung nengenake aspek kasenangan kerep ngalami problem. Problem psikologis kang dirasakake dening paraga utama bakal dadi punjere panliten iki.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliten bakal ngonceki novel *Sawise Langite Katon Biru* kanthi luwih njlimet ngenani kajiwane paraga utama kang nandang wuta kanthi maneka warna problem sajrone panguripane. Kanggo ngonceki bab-bab kasebut mula digunakake tintingan teori psikologi individual Alfred Adler kanthi irah-irahan *Problem Kajiwane Paraga Utama Ironing Novel Sawise Langite Katon Biru Anggitane Yunani: Tintingan Psikologi Individual Alfred Adler*.

METODE

Panliten kang migunakake tintingan psikologi sastra iki mujudake panliten *kualitatif deskriptif*. Dhata kang dianalisis arupa tembung, ukara sajrone novel *Sawise Langite Katon Biru* kang gegayutan karo underan panliten yaiku ngenani problem kajiwane paraga utama, sing jalari tuwuhe problem kajiwane paraga utama lan wujud cara ngadhepi problem kajiwane paraga utama kang dijupuk saka sumber dhata. Dhata kasebut dikumpulake kanthi migunakake teknik waca, pilih, lan cathet. Analisis dhata kang digunakake yaiku

analisis isi utawa konten tumrap paraga sing ngalami problem.

ASILE PANLITEN

Panliten iki ngandharake asile panliten kanthi njlentrehake problem kajiwan kang tuwuh, sing jalari tuwuhe problem sarta cara ngadhepi problem.

Problem Kajiwan kang Tuwuh

Problem kajiwan sajrone panliten iki ana loro, yaiku problem rumangsa asor lan problem nengenake kapentingan pribadhi.

Rumangsa Asor (*Inferiorita*)

Rumangsa asor utawa *rendhah dhiri* yaiku duweni rasa pangrasa yen dheweke ora mampu lan nganggep liyan luwih apik saka dheweke. Pawongan sing rumangsa asor tansah duweni sikap ora puas marang kahanan lan kamampuane sarta *gampang nyerah*. Pawongan sing asor uga duweni sipat tansah kuwatir lan seneng urip dhewe ngadoh saka papan sing rame. Sikap rumangsa asor sajrone panliten novel *Sawise Langite Katon Biru* iki dialami dening Retno. Retno tansah duweni rasa khawatir lan ora seneng ing papan kang rame. Kaya cuplikan ngenani gegambarane paraga kang digambarake ing ngisor iki:

Telulas taun Retno urip ing donya kang peteng lan sepi, rasane kaya wis pirang-pirang puluh taun lawase. Dheweke wis nutup uripe saka pasrawungan lan karamayan, senenge mung ndhewe ing kamare ngalamun lan nelangsa. Tujune eyange tansah migatekake lan kerep ngancani dheweke. (Yunani, 2013:6).

Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Retno minangka paraga utama sajrone Novel *Sawise Langite Katon Biru* ngalami wuta wis telulas taun, ananging rasane kaya wis pirang-pirang puluh taun. Retno tansah ing jero omah lan nutup pasrawungane sarta nutup uripe saka karamayan. Dheweke milih manggon ing Batu karo eyange tinimbang ing Surabaya karo wong tuwane, amarga ing Batu luwih sepi lan eyange uga urip ijen. Dene ing Surabaya luwih rame lan uga wong tuwane repot dhewe saengga ora bisa weneh kawigaten kanthi cukup kangge Retno kaya sing diwenehake dening eyange. Retno tansah rumangsa gela, kasepen, nelangsa lan ngalamun ngadhepi nasib sing kaya mangkono. Dheweke kaya mangkono amarga nganggep wong liya luwih apik tinimbang dheweke. Retno uga wis pasrah ngadhepi nasib sing dialami iku marang Gustine.

Cuplikan ing dhuwur bisa dimangerteni yen Retno sajrone novel kasebut ngrembakakake kompleks *inferiorita* utawa *rendhah dhiri*. Retno tansah nutup uripe saka karamayan utawa sosial

amarga dheweke rumangsa asor marang kahanan awake sing wuta iku, amarga saka iku Retno uga tansah kasepen. Retno uga nglakoni bab-bab sing ora migunani tumrap dheweke utawa wong liya. Dheweke tansah nglamun ing kamar lan ora gelem srawung marang papan kang rame.

Rumangsa asor kaya sing dialami Retno sajrone novel kasebut kaya andharan ing dhuwur bisa tuwuh amarga paraga kasebut ngrembakake kompleks *inferiorita*. Rumangsa asor iku bisa dialami lan dirasakake dening sapa wae. Pawongan sing duweni rasa asor yaiku pawongan sing duweni panemu yen dheweke ora bisa kaya pawongan liya lan duweni panemu yen wong liya iku luwih apik tinimbang dheweke.

Rumangsa asor kaya sing dialami paraga Retno sajrone novel kasebut kalebu kapribaden sing nyawiji. Retno rumangsa asor amarga dheweke wuta saengga rumangsa yen wong liya cetha luwih apik tinimbang dheweke. Mula, Retno ora gelem ana ing papan rame kang tinemu akeh pawongan sing luwih apik tinimbang dheweke.

Nalika mbakyune Retno, Endah ningkahan karo Hendratmo sing dadi dhokter mata, Retno uga ora melu teka ing adicara sing kebak rasa kabagyan kasebut. Dheweke malah milih ing Batu wae. Kaya cuplikan gegambarane paraga kang digambarake kanthi langsung ing ngisor iki:

Retno isuk iku nunggoni Siti masak neng pawon. Ana rasa sedhik lan goreng ing atine jalaran dheweke ora bisa menyang Surabaya nyekseni mbakyune nikah. Sejatine kulawargane kabeh iya wis meksa dheweke gelem dijak menyang Surabaya, nanging Retno puguh ora gelem. Saliyane isin yen mengko diweruhi tamu-tamu dheweke iya rumangsa minder merga cacade. Jalaran akeh wong sing ora weruh dheweke, ngertine adhine Endah kuwi neng Batu ndherek eyange. Retno ora kepingin ngrusak sawasana gembira mau klawan rerasane tamu-tamu, jebulane adhine Endah wuta. (Yunani, 2013:20).

Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Retno ora melu lan ora nekani acara ningkahane mbakyune sing tansah ditresnani yaiku Endah. Retno malah milih ing Batu nunggoni Siti masak ing pawon. Siti iku rewange eyange. Satemene Retno uga rumangsa gela ora bisa nyekseni mbakyune ningkahan, ananging Retno meksa ora gelem melu menyang Surabaya senajan kabeh kulawargane wis ngajak dheweke supaya melu nyekseni adicara kasebut. Retno ora gelem melu nyekseni ningkahane mbakyune kasebut amarga dheweke isin lan mindher marang wong-wong sing ana ing omahe Surabaya yen meruhi dheweke cacad. Retno uga ora pengin wong-wong sing ana

ing acara ningkahan rerasan marang dheweke sing bisa ngrusak kabagyan acara ningkahan kasebut. Mula Retno pilih ing daleme eyange wae nunggoni Siti ing pawon.

Andharan cuplikan ing dhuwur nuduhake Retno tansah ngrembakake kompleks *inferiorita* utawa rasa rendhah dhiri. Retno rumangsa asor lan isin yen melu ing Surabaya kanggo nyekseni nikahane mbakyune. Senajan satemene Retno pengin melu. Retno uga tansah nglakoni tumindak sing ora migunani yaiku mung nunggoni rewange eyange, Siti masak ing pawon tanpa mbiyantu apa-apa lan mung nglamun wae.

Rasa rumangsa asor sing dialami dening Retno gedhe banget. Rasa sing kaya mangkono iku angel dilawan senajan akeh pawongan sing wis weneh kawigaten utawa kapercayan marang pawongan kasebut yen dheweke bisa kaya pawongan liya. Satemene Retno ora perlu nglakoni bab sing ora migunani kaya mangkono. Sifat Retno sing kaya mangkono bisa nuwuhake rasa gela tumrap wong liya.

Nengenake Kapentingan Pribadhi (Gaya Panguripan)

Nengenake kapentingan pribadhi yaiku tansah nglakoni tumindak sing rumangsane bisa gawe marem kanggo awake dhewe sarta ora mikir kahanane pawongan liya. Nengenake kapentingan pribadhi bisa uga diarani *egois*.

Tumindak egois sing dilakoni Retno yaiku seneng marang Hendratmo. Senajan dheweke weruh yen tumindak kuwi salah lan dosa, ananging dheweke tansah ngrembakake rasa tresna marang mas ipene kasebut. Kaya cuplikan gegambarane paraga kang kagambarake kanthi langsung ing ngisor iki:

Sewulan, rong wulan nganti pirang-pirang wulan, sesambungan kang slithutan mau saya kepatri ing atine dhewe-dhewe tanpa ana sing ngerti. Sok-sok krasa nglarakake ati lan nuwuhake panelangsa tumrape sing padha nglakoni. Retno ngerti yen tumindake mau kleru lan dosa. Nanging dheweke ora kuwawa merangi rasa mau jroning atine, luwih-luwih yen pinuju adhep-adhepan karo Hendratmo. Anane mung manut karo pangajake Hendratmo lan eman nampik kanikmatan sing durung tau dirasakake mau. Lan Retno pancen mbutuhake kabeh mauing uripe kang garing lan sepi saka priya lan katresnan. (Yunani, 2013:59).

Cuplikan andharan ing dhuwur nuduhake yen sesambungan kang slinthutan antarane Hendratmo lan Retno tansah ngrembaka nganti pirang-pirang wulan. Rasa tresna kasebut kepatri

ing atine dhewe-dhewe tanpa ana sing ngerti. Kadhang kala sesambungan kang slinthutan mau nuwuhake rasa lara ing ati lan panelangsa. Retno ngerti yen tumindak mau kliru, nanging dheweke ora kuwawa ngendhani rasa tresna marang mas ipene. Nalika ing ngarep mripate Hendratmo, dheweke mung bisa manut marang pangajake Hendratmo lan eman nampik kanikmatan sing durung tau dirasakake mau.

Andharan cuplikan ing dhuwur nuduhake *gaya panguripan* sing dilakoni dening Retno lan Hendratmo. Wong loro iku tansah nglakoni tumindak sedheng kanggo nyenengake atine dhewe-dhewe.

Sing Jalari Tuwuhe Problem Kajiwan

Sing jalari tuwuhe problem kajiwan sajrone panliten iki ana loro, yaiku cacat fisik lan kurang pasrawungan.

Cacat Fisik

Cacat fisik yaiku kahanan awak sing ora sampurna wiwit lahir utawa akibat saka kacilakan. Miturut Alwisol (75:2011), Cacat fisik bisa dadi problem nalika pawongan sing ngalami cacat kasebut duweni rasa ora PD, isin lan mindher sing nyebabake pawongan kasebut duweni rasa *inferiorita* sing dhuwur.

Cacat fisik sing dialami dening Retno minangka paraga utama sajrone novel *Sawise Langite Katon Biru* yaiku arupa wuta. Wuta sing dialami akibat kacilakan nalika dheweke isih umur wolung taun. Kaya cuplikan gegambarane paraga kang kagambarake kanthi langsung ing ngisor iki:

Sawijining remaja putri kang ayu rupane nyingkap kordhen jendhela nyawang menjaba. Rambute kang rembyak-rembyak nutupi pundhak obah-obah keterak angin sore saya nambahi sulistiyane. Nanging yen diwaspadhakake manike mripate kang endah ora obah-obah babarpisan, mung mandeng mengarep tanpa cahya sumunar. Mripat kuwi mung mandeng mengarep kaya mripat golek, sepi lan nglangut. Eman banget dene pasuryan kang ayu kuwi rinengga mripat kang wuta. (Yunani, 2013:1)

Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen ana remaja putri kang nyingkap kordhen jendhela lan nyawang menjaba. Remaja putri iku nduweni rambut kang rembyak-rembyak sing nutupi pundhak lan obah-obah nalika keterak angin sing nambahi kasulistiyane bocah wadon iku. Nanging yen dideleng kanthi temenan, manik mripate kenya iku ora obah babar pisan. Manik mripate kaya dene manik mripat golek sing sepi lan nglangut. Pasuryan kang kenya kang ayu iku rinengga mripat kang wuta.

Kurang Pasrawungan

Kurang pasrawungan yaiku kurang *interaksi* marang liyan utawa kurang duweni panguripan sosial sing apik. Pawongan sing duweni pasrawungan sing kurang mesthi duweni rasa individual sing dhuwur. Rasa individual kasebut tuwuh uga ana sebabe. Retno tansah dhewe ing jero omah lan ora gelem srawung marang kahanan sing ana ing sakupenge, amarga dheweke isin lan asor. Akibat saka kurang pasrawungan, Retno kurang duweni pengalaman sing dibutuhake. Retno mung duweni pengalaman kang cupet ngenani panguripan sosial marang liyan. Pasrawungan sing kurang uga bisa nuwuhake problem ing jiwane. Kaya cuplikan gambarane paraga kang kagambarake kanthi langsung ing ngisor iki:

Telulas taun Retno urip ing donya kang peteng lan sepi, rasane kaya wis pirang-pirang puluh taun lawase. Dheweke wis nutup uripe saka pasrawungan lan karamayan, senenge mung ndhewe ing kamare ngalamun lan nelangsa. Tujune eyange tansah migatekake lan kerep ngancani dheweke (Yunani, 2013: 6).

Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Retno sasuwene telulas taun wis ngrasakake urip ing donya kang sepi lan peteng. Retno nutup uripe saka pasrawungan lan karamayan, amarga dheweke mung seneng dhewe ing kamar ngalamun lan nelangsa ngrasakake uripe. Mung eyange sing tansah migatekake lan ngancani.

Pancen Retno isih ijo banget bab iki. Prasasat uripe lagi wae diwiwiti, dadi durung pengalaman babar pisan. Apa maneh bab pasrawungan karo priya, bab katresnan,” Endah nesu banget nanging swarane diempet aja nganti banter supaya Retno sing ana kamar sisihe ora krungu (Yunani, 2013:67).

Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen pancelathon antarane Endah lan Hendratmo ngenani Retno sing isih ijo banget. Uripe Retno kaya wae lagi diwiwiti. Dheweke durung duweni pengalaman babar blas. Apa maneh pasrawungan karo priya ngenani katresnan.

“Mas Retno kuwi isih ijo banget. Dheweke durung tau srawung karo priya. Pasrawungane durung jembar, pengalamane durung ana. ... (Yunani, 2013:67).

Cuplikan ing dhuwur nuduhake Endah, mbakyune Retno ngandharake marang Hendratmo yen Retno iku isih ijo banget mangerteni sesambungan sing wis ditindakake karo Hendratmo. Uripe Retno sing bisa deleng maneh nalika ngancik remaja lagi wae diwiwiti, mula

durung duweni pengalaman babar pisan. Apa maneh panguripan ngenani pasrawungan karo priya, babagan katresnan Retno durung mangerteni. Retno durung nate sawung karo priya liya saliyané Rama Robertus, Bapake, lan Hendratmo sing lagi wae dikenal.

Andharan cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Retno isih ijo banget anggoné mangerteni katresnan. Dheweke lagi wae ngancik panguripane sing anyar nalika usia remaja iki. Retno duweni rasa sing salah marang mas ipene. Rasa sing salah kasebut amarga durung duweni pasrawungan sing akeh ngenani katresnan lan ngenani wong lanang kejaba bapake lan Rama Robertus.

Pasrawungane Retno sing kurang uga dirasakaké dening Eyange Retno. Eyange Retno uga nganggep Retno isih cilik banget. Kaya cuplikan gambaran pangudarasa eyange paraga utama kang kagambaraké kanthi langsung ing ngisor iki:

“Mosok Retno nganti tumindak kaya ngono? Sing kebangetan kuwi Hendratmo, ngerti adhine ipe isih mambu kencur kok diwarahi sing ora-ora,” kandhane karo wiwit nangis (Yunani, 2013:87).

Cuplikan ing dhuwur nuduhake Eyange Retno ora percaya yen Retno tumindak kaya sing wis dilakoni karo Hendratmo. Miturut eyange Retno kuwi isih mambu kencur dadi ora mungkin bisa nglakoni kaya mangkono yen ora Hendratmo sing dhisiki. Andharan kasebut nuduhake yen eyange Retno nganggep Retno iku isih dadi bocah cilik sing durung duweni rasa katresnan marang wong lanang liya.

Cara Ngdhepi Problem Kajiwan

Cara ngadhepi problem kajiwan sajrone panliten iki ana loro, yaiku ngadoh saka wong liya lan sumarah marang gusti.

Ngadoh Saka Wong Liya

Ngadoh saka wong liya yaiku tumindak sing dilakoni dening pawongan kang ora kepingin wong liya weruh ngenani dheweke. Pawongan sing ngadoh saka wong liya iku duweni sebab. Pawongan sing kaya mangkono biyasane pawongan sing duweni masalah lan rumangsa duweni luput marang liyan.

Paraga ing novel *Sawise Langite Katon Biru* sing ngadoh saka wong liya yaiku Retno. Paraga kasebut tansah milih tumindak sing kaya ngono amarga rumangsa luput lan wedi marang kulawargane, mula dheweke ngadoh saka kulawargane.

Sawise sandhangane dilebokake ing tas dheweke mbukak lawang anguk-anguk ndeleng swasana omah. Karo jinjit

alon-alon Retno menyang ngarepan. Mbukak lawang alon-alon karo migatekake apa ana wong sing ngonangi. Bareng dirasa aman lan ora ana wong sing weruh Retno gageyan menyang dalan. Lakune rerikatan tumuju dalan gedhe sing diliwati angkot jurusan Terminal Jaya Baya liwat. Retno gageyan ngawe banjur numpak (Yunani, 2013:75).

Cuplikan ing dhuwur nuduhake carane Retno ngendani kulawargane supaya ora meruhi dheweke lunga saka omah. Dheweke anggoné metu saka omah yaiku kanthi nglebokake sandhangane ing tas banjur anguk-anguk mbukak lawang lan ndeleng swasana omah. Dheweke jinjit alon-alon nalika tumuju mbukak lawang lan tumuju ngarepan supaya ora nuwuhake swara sing bisa dikonangi dening wong liya. Sawise rumangsa aman Retno tumuju dalan gedhe lan nyegat angkot jurusan Jaya Baya.

Andharan cuplikan ing dhuwur weneh pangerten yen Retno duweni cara dhewe supaya bisa metu saka daleme wong tuwane ing Surabaya. Kanthi metu saka daleme wong tuwane iku dheweke rumangsa aman. Tumindak kasebut kalebu *kakuwatan kreatif*, amarga Retno duweni cara dhewe kanggo gayuh rasa aman kanggo dheweke.

Retno mangerti yen mbakyu sing tansah tresna saiki gething marang dheweke. Apa maneh kulawargane yen wis mangerteni problem kasebut. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

Apa maneh bareng saiki mbakyune wis gething banget karo dheweke. Durung mengko kulawargane kabeh yen wis padha ngerti tumindak sing ngisin-ngisini. Ana karep kepingin minggat wae sing adoh, nanging ing endi papan sing arep dijugug lan kepriye mengko nasibe marakake Retno ora wani (Yunani, 2013:76).

Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen ana rasa wedi ing atine Retno. Dheweke satemene kepingin banget minggat sing adoh amarga mbakyu sing tansah ditresnani lan nresnani Retno saiki gething banget marang dheweke. Retno uga isin marang kulawargane amarga tumindaké, ananging dheweke bingung arep minggat menyang endi lan kepriye nasibe yen dheweke minggat.

Andharan cuplikan ing dhuwur yaiku senjata Retno rumangsa isin marang kulawargane amarga tumindaké, dheweke duwe rasa wedi yen minggat ijen menyang papan sing durung tau diambah. Tumindak lan rasa was-was sing diadhepi kasebut kalebu kapribadhen sing nyawiji. Pikiran,

perasaan lan tumindake nyawiji. Retno rumangsa was-was lan bingung menyang endi anggane minggat lan kepriye nasibe nalika ing kono, amarga dheweke durung tau ngambah papan sing bakal diparani.

“Aku pancen ngendhani aja nganti ketemu karo kulawarga kabeh. Mesthi mung padha nyrengeni aku, nyalahake aku...” swarane ngemu kakuwan atine (Yunani, 2013:95).

Andharan cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Retno kanthi sengaja ngendhani supaya ora pethuk kulawargane sing nggoleki dheweke menyang Batu. Tumindak kasebut kalebu *kakuwatan kreatif*, amarga bisa nuwuhake rasa aman lan bisa weneh cara supaya Retno bisa nggayuh apa sing dikarepake. Dheweke rumangsa yen ketemu kulawargane bakal disalahake lan disrengeni, mula dheweke nglakoni tumindak ngadoh saka kulawarga.

Sumarah Marang Gusti

Sumarah marang Gusti yaiku tumindak utawa ibadah sing ditujukake marang Gusti kang Maha Kuwasa. Sakabehe tumindak kasebut dilakoni mung kanggo nggayuh ridhane tanpa ana alesan liya. Retno duweni agama nasrani. Kanggone pawongan sing duweni agama nasrani yen dheweke duweni pilihan kanggo sumarah marang Gusti, mula dheweke kudu sanggup nindakake apa sing wis dadi aturan lan kuwajiban. Aturan lan kuwajiban nalika sumarah marang Gusti sing kudu ditindakake salah sijine yaiku ora oleh duweni garwa. Pawongan sing kaya mangkono diarani non utawa biarawati.

Retno nerusake jangkahe mlebu greja. Niyate wis manteb arep masrahake uripe marang Gustine (Yunani, 2013:77).

Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Retno nerusake jangkahe mlebu greja sawise pethuk suzter ing plataran. Dheweke duweni niat kang manteb anggane kepingin masrahake uripe marang Gustine.

Nalika ana ing jero greja Retno ngrasakake kahanan sing gawe dheweke aman. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

Sawise mlebu ing greja atine krasa tentrem. Banjur menyang ngarep altar, jengkeng sembahyang. Bubar sembahyang Retno tetep jengkeng karo ngawasake patung Maria ing ngarepe kaya lagi ngesok panandhange marang Dewi Maria. Eluhe ndlewer alon-alon nelesi pipine kang mbrabak abang. (Yunani, 2013:77).

Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Retno sawise mlebu greja atine krasa tentrem. Dheweke tumuju altar kanggo sembahyang. Retno rumangsa aman lan kega nalika sembahyang ngadhep patung Maria. Dheweke tansah ngawasake patung Dewi

Maria ing ngarepe kaya lagi ngesok panandhange. Eluhe ndlewer nelesi pipine kang mbrabak abang.

“Rama... wiwit mlebet plataran greja kalawau kula gadhah tekad boten badhe wangsul ing tengahing kulawarga. Dosa kula ingkang ageng sanget menika badhe kula tebus ing ngarsanipun Gusti kanthi masrahaken gesang dalem kangge kautamaning gesang bebrayan, kangge greja lan sedaya umatipun. Rama, mugi panjenengan kersa nampi pikajengan kula menika,”kandhane karo kudu nangis (Yunani, 2013:80).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake Retno ngandharake marang Rama Robertus yen dheweke duweni pepenginan lan tekad ora bali maneh menyang tengahing kulawarga nalika wiwit ing plataran greja sawise weruh Suzter. Saliyane iku dheweke rumangsa duweni dosa sing gedhe banget lan pengin nebus kanthi sumarah marang Gustine lan masrahake panguripane kanggo masyarakat bebrayan lan greja sing butuhake dheweke. Retno duweni pangarep-arep yen Rama Robertus gelem nampa pepenginanane kasebut karo kudu nangis.

Andharan cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Retno duweni tekad lan niat kang tumemen kanggo ndherek Gustine lan masrahake panguripane kanggo bebrayan lan greja kanthi dadi biarawati. Tindakan sing pilih kasebut kalebu cara kanggo mangun pepelang lan *kakuwatan kreatif* supaya dheweke bisa rumangsa aman lan bisa nggayuh pepenginan sing sampurna.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar problem kajiwan kang tuwuh sajrone novel *Sawise Langite Katon Biru* sing dialami dening paraga utama, Retno ana loro. Problem kapisan yaiku rumangsa asor, amarga Retno tansah ngrembakakake *inferiorita*. Retno duweni sifat sing khas, yaiku individual. Sifat individual kasebut tuwuh amarga dheweke duweni panemu yen wong liya luwih apik tinimbang dheweke. Problem kaloro yaiku nengenake kapentingan pribadhi, amarga Retno tansah nglakoni tumindak kanthi tujuwan gawe awake dhewe seneng senajan tumindak kuwi bisa nglarani atine liyan. Tumindak sing dilakoni iku kalebu *diri kreatif*, amarga kanthi cara mangkono dheweke bisa gayuh apa sing dibutuhake lan dikarepake.

Sing jalari tuwuhe problem kajiwan sing dialami dening Retno uga ana loro. Kapisan yaiku cacat fisik wuta, amarga saka cacade kasebut Retno tansah ngrasa asor nganggep wong liya luwih apik tinimbang dheweke. Kaloro yaiku kurang pasrawungan, amarga *gaya panguripan* nutup uripe kanggo wong liya. *Gaya hidup* sing dipilih Retno iku bisa nuwuhake problem. Retno tansah duweni rasa khawatir amarga dheweke ora sampurna, mula

paraga utama iki tansah ngrembakakake *inferiorita* sing nyebabake dheweke ora bisa maju nalika nandang cacad.

Pengamanan problem kajiwan sing dilakoni dening Retno ana loro. Kapisan yaiku ngadoh saka wong liya. Pikiran, perasaan, lan tindak-tanduk sing dilakoni Retno kasebut kalebu kapribadhen sing nyawiji, amarga dheweke rumangsa isin lan salah marang kulawargane. Pengaman problem sing kaloro yaiku Sumarah marang Gusti. Nalika Retno ora nduwe panggon kanggo nentremake uripe maneh, mung Gusti sing dadi tujuwane. Nalika dheweke sumarah marang Gusti, Retno duweni *minat sosial* sing sadurunge ora tau dilakoni, amarga sumarah marang gusti iku kalebu sumarah marang pendhereke gusti. *Diri kreatif* sing diduweni dening Retno didadekake cekelan kanggo nggayuh kabagyanne dheweke.

Pamrayoga

Sajrone panliten iki, pamrayoga sing pengin diandharake yaiku:

Teori psikologi Alfred Adler iki bisa digunakake kanggo ngrembug lan nliti sastra sing onjo ngenani psikologis paragane. Psikologis Paraga kang duweni daya ringkih lan cacad trep yen dikaji migunakake teori kasebut.

Novel *Sawise Langite Katon Biru* anggitane Yunani, trep digunakake sumber wacan, amarga novel kasebut duweni crita kang selaras karo panguripan sing ana ing donya nyata sing saya edan iki. Mula novel kasebut ngamot pelajaran lan motivasi sing bisa digunakake cekelan sajrone nglakoni panguripan ing donya iki.

Kanggo mahasiswa jurusan Bahasa lan Sastra Jawa, asil panliten iki bisa didadekake dhasar kanggo ngenekake panliten, nyinauni, nganalisis lan mahami karya sastra, mligine sajrone kajian psikologi kapribadhen paraga sajrone novel.

KAPUSTAKAN

Ahmadi, Abu lan M.Umar. 2009. *Psikologi Umum*. Surabaya: PT. Bina Ilmu.

Alwisol. 2011. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM Press.

Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian : Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.

Baron, Robert A, Donn Byrne. 2004. *Psikologi Sosial*. Jakarta: Erlangga.

Chaplin, J.P. 2006. *Kamus Lengkap Psikologi*. Diterjemahkan oleh Kartini Kartono. Jakarta: RajaGrafindo Persada.

Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.

Emzir. 2012. *Metodologi Penelitian Kualitatif Analisi Data*. Jakarta: RajaGrafindo Persada.

Feist, Jess dan Feist, Gregory J. 2010. *Theories of Personality*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Hidayat, Dede Rahmat dan Herdi. 2013. *Bimbingan Konseling Kesehatan Mental di Sekolah*. Bandung: Remaja Rosdakarya Offset.

Hurlock, Elizabeth B. 2009. *Psikologi Perkembangan*. Jakarta: Erlangga.

Kartono, Kartini. 1996. *Psikologi Umum*. Bandung: Mandar Maju.

Minderop, Albertine. 2011. *Psikologi Sastra: Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode dan teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.

S.W, Yunani. 2013. *Sawise Langite Katon Biru*. Yogyakarta: Azzagrafika.

Salim, Yulius. 2013. *Kamus Lengkap Bahasa Indonesia*. Jakarta: Widyatamma Pressindo.

Sarwono, Sarlito Wirawan. 2002. *Psikologi Remaja*. Jakarta: Grafindo Persada.

Sobur, Alex. 2011. *Psikologi Umum*. Bandung: Pustaka Setia.

Sujanto, Agus dkk. 1997. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: Bumi Aksara.

Suryabrata, Sumadi. 2002. *Psikologi Pendidikan*. Jakarta: RajaGrafindo Persada.

Suryabrata, Sumadi. 2003. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: RajaGrafindo Persada.

Problem Kajiwane Paraga Utama Ironing Novel Sawise Langite Katon biru
Anggitane Yunani : Psikologi Individual Alfred Adler

Warren, Austin dan Rene Wellek. 1990. *Teori
Kasusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.

